

FEMA bay 1 milya dola pou travay ijans nan Florida

Release Date: Oktòb 31, 2024

TALLAHASSEE, Fla. – FEMA te bay plis pase 1 milya dola pou ede Eta Florida ak kominote lokal yo nan depans pou repons ijans pou siklòn [Milton](#), [Helene](#) ak [Debby](#).

Jiska prezan, pwogram Asistans Piblik FEMA a te angaje \$608,6 milyon dola pou Siklòn Milton, \$335,5 milyon dola pou Siklòn Helene ak \$102,2 milyon dola pou Siklòn Debby. Lajan an ranbouse eta a, gouvènman lokal yo ak kèk òganizasyon benevòl pou mezi pwoteksyon ijans ak pou retire debri.

Pwogram [Asistans Piblik](#) FEMA a bay ajans gouvènman lokal ak eta a yo ranbousman pou depans nan bay repons pou ijans, retire debri ak restorasyon enstalasyon ak enfrastrikti piblik ki te andomaje nan katastwòf. Kay kote yo adore ak lòt òganizasyon benevòl ka elijib tou pou Asistans Piblik FEMA.

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou reyabilitasyon apre Siklòn Milton nan, vizite fema.gov/disaster/4834. Pou Siklòn Helene nan, vizite fema.gov/disaster/4828. Pou Siklòn Debby a, vizite fema.gov/disaster/4806. Swiv FEMA sou X sou x.com/femaregion4 oswa sou Facebook sou facebook.com/fema.

###

Misyon FEMA se pou ede moun anvan, pandan, epi aprè katastwòf yo.

FEMA pran angajman pou l asire l asistans pou katastwòf yo fèt ekitab, san diskriminasyon

sou baz ras, koulè po, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, laj, andikap, konpetans nan lang Anglè,



FEMA

Page 1 of 2

oswa estati ekonomik. Nenpòt moun ki sivivan nan katastwòf oswa manm piblik la ka kontakte FEMA

Biwo Dwa Sivil yo si yo santi yo gen yon plent pou diskriminasyon. Biwo Sivil FEMA a

Ou ka kontakte dwa yo nan FEMA-OCR@fema.dhs.gov oswa gratis nan 833-285-7448.



FEMA

Page 2 of 2